



MASSACHUSETTS  
Department of Elementary  
and Secondary Education

Si w sanzabri kounye a, timoun ou ki gen laj lekòl yo ka kalifye pou sèten dwa ak pwoteksyon dapre Lwa federal McKinney-Vento a.

# W AP DEMENAJE

*Nou vle pataje kèk enfòmasyon enpòtan avèk ou sou pwochen oswa dènye demenajman ou.*

*Lè ou soti nan sityasyon sanzabri ou ye kounye a pou ale nan yon lòt pwogram oswa aranjman vi pou sanzabri, pitit ou ki gen laj lekòl la ka swa enskri nan distri lekòl lokal kote w ap enstale w la oswa rete nan lekòl li ye kounye a.*

*Pou fè sa, tanpri konekte w avèk lyezon sanzabri a oswa espesyalis angajman familyal nan nouvo kominote w la oswa nan lekòl pitit ou a ye kounye a. Lyezon sanzabri a oswa espesyalis angajman familyal la kapab tou ede ou konekte a resous kominotè lokal yo.*



# LWA MCKINNEY-VENTO SOU ASISTANS SANZABRI

*Lwa McKinney Vento sou Asistans Sanzabri se yon pwogram federal Depatman Edikasyon Etazini ki asire timoun ki sot nan jadendanfan jiska 12yèm ane ka enskri, ale lekòl epi reyisi.*

*Nan Massachusetts, laj lekòl obligatwa a sot sis (6) rive sèz (16) ane. Pitit ou a gen dwa ale lekòl yon fwa li gen sis ane. Distri lekòl lokal la ofri edikasyon piblik gratis sot nan jadendanfan jiska 12yèm ane.*

*Si w ap viv nan yon abri oswa ou pa gen lojman pèmanan, pitit ou ki gen laj lekòl la kapab:*

- ♦ *Kòmanse lekòl nan nouvo lekòl la nan nouvo kominote w la, oswa*
- ♦ *Kontinye ale nan lekòl pitit ou a te kòmanse nan dènye kominote w la si se sa ou chwazi epi li posib*
- ♦ *Si sa nesèsè, lekòl la pral travay avèk fanmi an ak ajans kominotè lokal yo pou rasanble tout dokiman ki nesèsè yo, tankou dosye vaksinasyon ak batistè.*
- ♦ *Si fanmi an deside kontinye frekante lekòl pitit yo te kòmanse nan dènye kominote yo a, y ap jwenn transpò sot kote elèv la rete a rive nan lekòl la gratis.*
- ♦ *Pitit ou a pral resevwa sèvis edikatif ki baze sou aprantisaj yo ak bezwen yo si lekòl la refize bay sèvis.*
- ♦ *Ou ka mande yon reyinyon ak direktè lekòl la pou konprann ak konnen dwa edikasyon pitit ou a. Pitit ou a ka gen aksè a Sèvis Edikasyon Espesyal si li bezwen èd adisyonèl nan aprantisaj li. Ou ka mande yon evalyasyon oswa kontinye jwenn sipò si pitit ou a gen yon Pwogram Edikasyon Pèsonalize (PEP) kounye a.*
- ♦ *Anplis de sa, pitit ou a ka patisipe nan tou aktivite lekòl ki disponib pou tout elèv yo, epi*
- ♦ *Pitit ou a ka resevwa manje lekòl gratis.*